

# GADE, POZE KESYON, FÈ!



Lakou  
Kajou

InnovEd  
UniQ Institut Supérieur  
de Formation

BLUE BUTTERFLY  
COLLABORATIVE

## KI JAN POU OU UTILIZE KAT SA YO

Pake sa gen ladan li senk epizòd **Lakou Kajou**. An plis, li gen yon kat pou chak epizòd ki bay konsèy sou jan pou nou gade **Lakou Kajou** ! Gen sijesyon pou aktivite ou ka itilize pou angaje elèv yo epi ede yo aprann plis nan videyo yo. Pake a gen ladan li tout mo ki parèt nan senk epizòd **Lakou Kajou** yo. Epi li gen yon lis liv ki gen rapò ak tèm ki nan epizòd sa yo.

Chak epizòd nan **Lakou Kajou** baze sou yon sèl tèm.

An nou konsantre sou senk epizòd sa yo:

### **Egzèsis • Patrimwàn • Transpò • Dlo • Zouti**

Epizòd sa yo bay leson nan lekti, aritmetik, konpetans pèsonèl, ak yon seri de lòt objektif kourikoulòm.

Nou espere zouti sa yo ap itil nan aprantisaj elèv yo e ke ou menm ak elèv ou yo ap renmen **Lakou Kajou** !


Mwen se Zandolin, yon pèsonaj nan yon pwogram televizyon pou timoun. Avèk zanmi mwen yo, Tilou ak Lili, mwen ede timoun yo aprann.



# EPIZÒD: DLO

MO JODI A: EVAPORASYON

## REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou vin jwenn yon ti kouran dlo evapore.



Evlin al naje nan lanmè.



Yon ti gout dlo al fè yon bèl vwayaj


## POZE ELÈV OU KESYON

1. Ki sa nou wè ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa nou te pi renmen ? Pou ki sa ?
3. Èske Lili ak Tilou te aprann yon bagay jodi a ?

# FÈ AKTIVITE AK ELÈV OU YO

## 1. SIK DLO :

Mande timoun yo desinen wonn dlo a; yo ka trase l atè a ak yon moso bwa; yo ka trase li sou yon gran fèy papye ak lakrè : evaporasyon, kondansasyon, presipitasyon, enfiltrasyon.



## 2. MEZIRE LAPLI :

Fabrike yon PLIVYOMÈT. Se yon aparèy ki mezire kantite lapli ki tonbe. Ak yon bokal vid kopye mezi an santimèt ak milimèt ki sou yon règ. Mare bokal la sou yon pikèt bwa anviwon 1 mè wotè. Pike li nan tè sou lakou a nan yon kote l ap jwenn lapli. Mezi wotè dlo ki tonbe a aprè chak lapli. Make rezilta a nan yon kaye espesyal pou nou mezire PLIVYOZITE zòn nan.

## 3. WÈ EVAPORASYON :

Fè timoun yo pran 2 kèps ak yon moso plastik. Mete menm valè dlo nan 2 kèps yo. Fè timoun yo trase yon liy ak kreyon ki montre nivo dlo a. Kouvri youn nan kèps dlo yo ak yon moso plastik. Mete tou de kèps yo nan solèy. Apre yon jounen retounen gade kèps yo epi mande timoun yo sa yo remake. (Fò dlo nan kèps ki pa kouvri a ta vin pi ba liy nan. Fò yo ta jwenn dlo ki kondanse sou plastik la, epi kèps kouvri a ta rete menm jan.)